

Trauma Healing and
Reconciliation Services
B.P 6311 Bujumbura
Tél : 24 58 24

INKURU ZIBABAJE ZUMVIRIJWE I MAKAMBA

Mugabekazi Claire
Imyaka : 36
Umusozi : Nyenakara
Commune : Kayogoro

Twabanje guhungira i Tanzaniya, haheze iminsi tuvayo kubw'inzara tugira Imana dusanga ntibatwivye. Tumaze iminsi mikeya barasubira barasubira baradutera. Ico gihe coco nitwajabutse i Tanzaniya, twaza turaturatura duhava duhungira kw'i position. Abashingantahe nibo baza barasimbira i muhira kuzanira imiryango yabo utwo barya. Umunsi umwe rero aragenda, maze mbona ntagarutse. Niho rero bukeye nabona abamuhumutseko baje kubarira. Bamwicishije agafuni uari yayoberanye. Sinamugandariye, sinamuririye.

Niwe yahora amfasha guhungana abana no kubaronderera. Amaze kugenda rero ndasonza goose. Niho rero nibaza nti hinge nsimbe kunyakura udukwi n'utundi two guteka, ndasoroma udusoma, udutore eka n'imyumbati ndasoroma. Ngiye kurandura ibiharage, amasase avuga ari menshi cane. Nca ntangura kwikwega ngo negeranye utwo dukeya ntahe. Nza mbona ng'abo ndabaguyemwo. Umwe yisigaza inyuma, nza numva ngo ambura impuzu, nti jewe ndagwaye, kandi nama naje ino tuzobonana no hanyuma. Ng'urambura ntiwambura ? Yabaye uyo umwe mugabo nca nca nandurukiraho ndagwara ndamererwa nabi. Haheze umwaka nca nama uruhere mu maso, bikandyagose iyo ndi mu butinyanka.

NIYONGERE Norastique
Province Makamba
Commune Nyanza-Lac

Nari mvuye i Bujumbura kugemurira umugabo wanje ari mu bitaro (Hôpital militaire), baramurashe. Tugomba dushike mu Rumonge, tuza tubona i modoka irahagaze. Haca haza abantu batubwira n'ijwi rinini ngo, mwese ururuka mwambure n'impuzu zose n'ikareso. Turazambura duca twicara ku nkombe y'ibarabara ; baca bavuzza i firimbi ngo murazi ico mukora. Umwe aca amfata ukuboko anjana hirya mu ngundu y'igitoke, amfatirako inkoho, naguma numva abandi bakoma iduru. Abadoriya n'abagore babo baguma bavyina ibishegu nza numva iyindi firimbi ngo désormais, kw'ibarabara urira. Bagiye duca tururira, mw'isoko ya rumonge niho baduhaye impuzu z'ibishweka. Nshitse i muhira sinagomba kurya naguma njugumira, ndavyigumizamwo. Bambajije igituma ntafungura navuga ko numva mbabara muni y'umukondo. Nkaguma mfise ubwoba nti mbega nk'ubu noba naranduye umugera wa Sida, canke yansizemwo ingwara zituma ntazovyara. Ibi rero bica bituma ndabibwira mama.

Mama yaciye ambuza ko ntohirahira ngo ngire uwo ndabibwira ati kuko umunsi umugabo yabimenye uzoca urara utashe. Nca ngumana rëgles z'urutavanako gushika aho nza ndatega akadobo nkagenda gusesa. Dushwanye gatoya n'umugabo ngaca numva ishavu ryinshi. Umunsi umwe

narakoroze isumu ngomba ndarinywe bararimfatana ndagira n'ingorane ku rusengero barampagarika kuririmba nca ndiyumvira umuntu noza guhanuza ntora Aline. Umnsi wa mbere ngiye kubimubwira ntavyo navuze.

Narabonye aba assaillant baciye aho turi bagiye muri cantonnement mbona umwe umengo barasa, nkumva icomumpa ngo ndamurye amenyo. Mbonye umuntu agomba gusa n'abahutu nca ngira nti niwe.

Umugabo amaze kugaruka i muhira ndatwara inda, nararyohewe cane ubu mvyaye gatatu.

CONGERA Vénérande

Makamba

Nyanza-lac

Kabondo

Ingorane zatanguye tumaze guhunga. Vyavuye cane cane ku kuntu umnugabo wanje tudahuje ubwoko. Abandi baraja gusoroma, jewe mperekeje umugabo, umusoda agaca ambarira ngo ni ngaruke, bagaca bambarira ngo aba assaillant ndabakurikira ngo ariko bobo...

Uyundi muhutu twabana baramwigenzako gushika aho yomoka hasigara umugabo wanje, yari umwarimu. Ababanyi twahunganye baramukunda kuko twabana neza n'abakozi baza baramuburira.

Ku mugoroba yinjije mu nzu yashikira haruguru baje kumurondera ngaca mvuga ko yagiye gusorora, bagaca bicara ahabona ngo bamurarire. Ntiyigera asohoka mw'ijoro. Baratinda barabona yuko ndabahenda. Birabandanya gushika n'aho ku mutaga yaguma mu nzu. Baca batora ubwenge bwo kumbitsa i matela kugira ngo bazoze kuyitora mw'ijoro baronke ingene binjira mu nzu.

Bayinzaniye nanje naciye ndayibitsa ababanyi mw'ijoro nza numva baje kudodora nanje nca mvuga nti ego ndazi ko murondera ya matera nti ariko ntiyari gukwirwa mu nzu ni hato iri kwa Baraka. Nti Baraka vyuka uduhe imatera, numva baragiye. Mu gitondo numva mfise ubwoba nca ngenda kumwakira indaro ahantu abana nabo nja kubakira indaro mu babanyi. Isaha zine umusoda araza akaza arandoda inkoshi ngo ndi umugore w'umu assaillant. Umugabo rero amaze guhunga nca nja mu gashomeri. Aratinda arutumako abana jewe ndatinya kujayo aca agira umwikomo ngo ndamwanse, ahava rero arasaba kugaruka i Nyanza-Lac asanga umushahara wiwe barawuhagaritse.

Haza chef de secteur araturwira ati hariya hari ibigazi n'ibindi biribwa, ati mwoye kwicwa n'inzara; ati amabarabara yose ariko abasoda. Nca ntangura kurondera abo tujana. Turamenyera rero tukama turagenda.

Umunsi umwe rero turagenda; hari umugabo yitwa kinywamazi niwe yahora atwereka aho imirima isigaye. Uyo munsi rero twari tugiye turi bane, dushitse aho kinywamazi ari aca aradutandukanya bamwe abajana hafi. Nanje n'uyundi umwe aca avuga ngo arza kutwereka ahandi hirya gatoya. Tukigiye duhura n'umugabo atubwira ngo hewe imihunjo n'imihunjo nciye nigarukira. Nanje nti Kinywama reka dusubire inyuma. Nawe ati mama zozo uza gusoroma mw'ishamba ahera ubwoba. Turagiye turadwebera gose ngize ntya nza mbona ng'abo. Aho nokwirutse nca ngwa ku gihongo c'amabuye, hamwe ukamenga n'amatafari. Nza numva ngo guma aho nyene. Anyegereye ngo kura impuzu. Abandi bari harya barorerereye bankurakuranwako ari batatu bose. Hariho ukuguru bicariye n'ubu haragera igihe ukamengo kwonkotse. Bahejeje ngo duhe amahera, nari nagiye mfise ibihumbi 26 vyo guha abanyereka aho nsoroma. Agafuko nayashizemwo karananira gufundurura nca ndamuha nti enda niwifundururire. Ngo uhirahire uvuge ko hari ico waduhaye.

Baranduganye rer banshikana aho abandi bari bafise imishatsi miremire ngo ni aba zulu. Ngo ng'uyo umukomagu araje, ngo duhe amahera. Ndavuga ko ata mahera mfise. Nca ntangura gukubitwa

imigere, amakofe banshize hagati umwe agakubita akarungikira uyundi gushika n'aho imigozi ipfunze ibirato vy'ibotine zabo ipfunduka bagasubira bagapfunga neza. Ikirato nakubiswe muni y'ibere, mu ruti rw'umugongo n'ubu haracababara. Kandi haciye imyaka 6 ivyo bibaye. Mu utwe hariho ahantu ntashobora kwegereza igisokozo kuko haca hababara cane gose.

Hari mu mwaka w'i 1997 Ndamukiza, niga mu w'icenda, nari mu kiruhuko i Vugizo. Turaterwa, twiruka i Nanzerwe imvura yariko irarwa. Isaha cenda tuza tubona ng'abo ngo shoka mwese muveyo. Hari igipfungu cinshi. Baca batangura kuvuga discours ivuga ko baje kurwanira igihugu. Bari bambaye ibitukura. Baca batangura kudasobanura bakurikije ubwoko, bica abo tuvukana mu nda ya data na mama batatu. Dutangura gushwiragira nca ndiruka mpura n'abandi mugabo nsanga n'abo twiganye baca bamabarira ngo ca aha. Namaze iminsi ibiri mu nzira kugira nshike i vyanda. Mu kwezi kw'umunani nca nja kwa data wacu i nyanza-lac, nsanga hariho uyundi muhungu yahahungiyeye w'umwarimu. Harageze igihe data wacu aramanuka i Bujumbura kuraba ivy'umushahara wiwe bari bahagaritse. Nsigara ng'aho na wa muhungu, yama anyegera akamvugisha mugabo kuko nari narashishwe sinashaka uwumvugisha vyinshi. Agaca avuga ko ngayana ngo abatutsikazi niko babaye. Umunsi uri zina hari ku wa mungu, ndazindura nja muri douche ndoga. Harya ninjiye mu cumba ngira nisige nza mbona arinjiye yambaye essui-main. Aca aranterura anterera ku gitanda andya inzara mw'izosi, afata amaboko yanje ayazingira inyuma mambu gusaganya. Arakora ivyo ashatse vyose. Ahejeje ntiyahagumye aca arahunga. Icambabaje kuruta nca nsanga nasamye imbanyi. Uyo mwana ndamugoranwa mugabo ubu arakuze. Narajanye kwa se nshiraho kandi yararongoye uyundi mugore.

Hari mu gatondo ka kare ndi kumwe na musanzje tugiye gusoroma imyubati. Tugeze ku ntango z'aho ihera tuza duhura n'ikirwi bicaye uruhande rumwe. Baraduhagarika batubaza iyo tugiye. Tuti tugiye gusoroma imyumbati. Bati ni mwicare aho, ngo mubona hari abasoda bangahe kuri position? Jewe nta bwoba nari mfise, haheze akanya baraturekura turabandanya iyo tuja. Twigiye imbere gatoya tubona umurwi w'abandi batubaza kwa kundi kw'aba mbere. Baca babwira musanzje ngo agende kubazanira inzoga n'itabi bamuha amahera. Nanje bandungika gusoroma; umwe aca yisigaza inyuma ansanga aho ndi atangura kumpendahenda ndanka. Aca atangura gukara ngo abasoda bobo ntibabaha. Ndateba ndemera. Naciye nsama inda kandi nari nkowe baca baraza gutwara ivyuma vyabo. Uwo mwana maze kumuyara aca aritaba Imana. Haheze iminsi wa wundi arahava aragarukana ivyuma none ubu ndubatse.